



## **Komisyon Angajman Sivik Vil New York (New York City Civic Engagement Commission)**

Komisyon Angajman Sivik la pral amelyore patisipasyon sivik, favorize konfyans sitwayen yo, ak ranfòse demokrasi nan Vil New York. Men sa Komisyon an pral fè:

- Li pral dirije yon pwogram bidjè patisipatif nan tout vil la avèk konsèy yon komite konsiltatif sou bidjè patisipatif la;
- Li pral kreye patenarya avèk òganizasyon kominotè yo ak lidè sivik yo, ogmante sansibilizasyon sou sèvis Vil la, epi ede ajans Vil New York yo prepare inisyativ angajman sivik;
- Li pral prepare yon plan pou ede Moun Vil New York ki pa pale Anglè byen patisipe nan pwogram ak sèvis Komisyon an epi bay tradiktè nan bouch souplas nan biwo vòt yo, avèk konsèy yon komite konsiltatif pou èd nan lang ap bay; ak
- Li pral bay èd pou konsèy kominotè yo.

[Gen sèvis tradiktè nan bouch gratis ki disponib. Tanpri kontakte Komisyon an pou nenpòt kesyon oubyen si w gen enkyetid.](#)